

BAB V

KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG RÉKOMÉNDASI

Dina ieu bab dipedar ngeunaan kacindekan tina hasil panalungtikan, implikasi, jeung rékomendasi pikeun ka hareupna. Pedaran ieu di handap.

5.1 Kacindekan

Dina ieu panalungtikan naskah drama *Kasidah Cinta Hindun Binti 'Utbah* karya Rosyid É. Abby, nu dianalisisna nyaéta aya tilu: (1) struktur naskah drama, (2) struktur carita, jeung (3) ajén agama Islam. Pikeun ngaguarna digunakeun sababaraha tiori. Struktur naskah drama ngagunakeun tiori nu ngawengku babak, adegan, paguneman (wawancang jeung kramagung), prolog, monolog, jeung épilog.

Struktur carita ngagunakeun tiori Stanton nu ngawengku téma, fakta carita, jeung sarana carita. Analisis ajén agama Islam ngagunakeun tiori Nurdin nu ngawengku hubungan ka Alloh, ka Rosululloh, ka Alloh jeung sasama manusa, hubungan jeung dirina sorangan, jeung hubungan ka masarakat. Méthode nu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta ngagunakeun méthode déskriptif kualitatif.

Struktur nu kapaluruh dina ieu panalungtikan téh ngawengku babak, adegan, paguneman (wawancang jeung kramagung), prolog, monolog, jeung épilog. Sabada dipaluruh, struktur naskah drama ngan aya sababak. Adegan dina naskah drama *Kasidah Cinta Hindun Binti 'Utbah* kapanggih aya sabelas adegan, nu diciran ku ayana parobahan latar jeung palaku. Dina prolog kapanggih nalika narator muka jeung ngamimitian nyaritakeun jalan carita nu nyaritakeun kumaha lalakon Hamzah nu dipaténi ku Hindun binti Utbah alatan dendam ku sabab éléh perang. Paguneman dina naskah drama *Kasidah Cinta Hindun Binti 'Utbah* kapanggih aya paguneman sacara dua arah jeung paguneman nu leuwih ti dua arah, dina paguneman aya kapanggih ogé ayana wawancang 17 jeung kramagung 33. Dina ieu naskah drama teu kapanggih ayana monolog. Épilog dina ieu naskah drama kapanggih dina épilog minangka panutup tina carita nu dicirian ku nepikeun pesen tina eusi naskah drama.

Sabada ditalungtik, ngeunaan struktur carita dina naskah drama *Kasidah Cinta Hindun Binti 'Utbah* kapaluruh téma, fakta carita, jeung sarana carita. Téma dina ieu naskah drama kapanggih dumasar pasualan nu nyampak nu dicirian ku mimiti ayana pasualan Hindun nu mangrupa wanoja kejem di jaman jahiliyah nu hayang males pati ka Hamzah bin Abdul Muthalib. Fakta carita dina ieu naskah drama kapanggih ayana fakta carita tina galur. Galur dina ieu naskah drama ditalungtik dumasar kana runtuyan kajadian dumasar kana eusi carita naskah drama. Galur nu dipaké dina ieu naskah drama nyaéta galur maju. Palaku nu aya dina naskah drama *Kasidah Cinta Hindun Binti 'Utbah* aya 30 palaku, tapi teu sakabéh palaku dina naskah drama *Kasidah Cinta Hindun Binti 'Utbah* téh miboga watek nu digambarkeun dina cutatanna. Dumasar hasil data panalungtikan tokoh, bisa dicindekkeun yén aya lima palaku nu teu kagambarkeun watek dina cutatanna jeung aya 25 palaku nu kagambarkeun watekna dina cutatan. Latar nu nyampak dina ieu naskah drama nyaéta aya latar waktu nu dicirian ku titimangsa kajadian kayaning bulan Maret 625 Maséhi. Dina latar waktu kapanggih ayana peuting, beurang, harita, jeung ayeuna. Latar sosial dina ieu naskah drama kapanggih ayana kabiasaan nu sok dilakonan ku masarakat, kabiasaan ngeunaan kaagaamaan kayaning solawatan. Sarana carita nu kapanggih dina ieu naskah drama nyaéta judul, puseur implengan, jeung gaya basa. Judul saluyu jeung eusi carita. Puseur implengan ngagunakeun jalma katilu. Gaya basa nu kapanggih dina naskah drama *Kasidah Cinta Hindun Binti 'Utbah* nyaéta babasan jeung paribasa, ngaupamakeun, sindir, ngasor, jeung kadalon. Ajén agama Islam nu kapanggih dina naskah drama *Kasidah Cinta Hindun Binti 'Utbah* nyaéta hubungan ka Alloh aya 17, hubungan ka Rosululloh aya genep, hubungan ka dirina sorangan aya 30, hubungan ka Alloh jeung sasama manusa aya 18, hubungan jeung masarakat aya 14, jadi sabada dipaluruh aya 85 ajén agama Islam.

Bisa dicindekkeun hasil tina ieu panalungtikan yén naskah drama *Kasidah Cinta Hindun Binti 'Utbah* kawilang alus, lantaran tina eusina réa pesen nu ditepikeun, hususna ngeunaan kahirupan nu patalina jeung ajén agama Islam. Tina segi struktur carita kawilang lengkep. Sok sanajan tina segi struktur naskah drama

kasebut can lengkep lantaran teu kapanggih ayana monolog, tapi teu mangaruhan kana eusi carita nu ditepikeun.

5.2 Implikasi

Naskah drama *Kasidah Cinta Hindun Binti 'Utbah* eusina euyeub ku ajén-ajén agama Islam. Tapi tangtu waé ieu panalungtikan téh miboga kahéngkeran jeung kaonjoyan. Sanajan kitu, panalungtik miharep yén kaonjoyan dina ieu panalungtikan téh miboga mangpaat boh pikeun pamaca, boh pikeun panalungtikna sorangan. Ku kituna dumasar kana analisis nu geus dilaksanakeun, ieu panalungtikan téh miboga implikasi pikeun sababaraha pihak, kayaning masarakat. Lian ti kitu ieu panalungtikan miboga mangpaat pikeun référénsi anu bisa mekarkeun élmu pangaweruh, dina widang sastra hususna dina panalungtikan ngeunaan struktur naskah drama, struktur carita, jeung ajén agama Islam. Ogé dina ieu panalungtikan, dipiharep miboga mangpaat pikeun panalungtik, ayana pangalaman sarta ngeuyeuban pangaweruh hususna dina struktur naskah drama, struktur carita, jeung ajén agama Islam. Pikeun nu maca, ieu hasil panalungtikan téh bisa dijadikeun alternatif sumber diajar, hususna ngeunaan struktur naskah drama, struktur carita, ogé ajén agama Islam.

5.3 Rékoméndasi

Dina ieu panalungtikan dipedar ngeunaan ulikan struktur jeung ajén agam Islam dina naskah drama *Kasidah Cinta Hindu Binti 'Utbah*, salian ti medar ngeunaan kumaha struktur nu nyangkaruk dina naskah drama, ogé medar jeung neuleuman ngeunaan ajén agama Islam. Tujuan dipedar ajén agama Islam ku sabab dina jaman kiwari kepercayaan ngeunaan kaagamaan nu dicekel mimiti kagantikeun, nu disababkeun ayana parobahan jaman. Ku kituna sangkan masarakat jaman kiwari angger nyekel pageuh kayakinan agamana, ieu panalungtikan bisa dijieun tinimbangan pikeun narékahan kaayaan nu kiwari keur dirandapan. Dina ieu panalungtikan téh aya sababaraha rékoméndasi.

Kahiji, pikeun panalungtikan satuluyna, dipiharep ieu panalungtikan téh bisa mekarkeun panalungtikan, lian ti panalungtikan ngeunaan struktural jeung ajén

agama Islam ogé ieu panalungtikan téh dipiharep boga mangpaat pikeun ngaronjatkeun tur ngamumulé warisan budaya jeung sastra Sunda, salah sahijina nyaéta naskah drama. Ogé dipiharep miboga mangapaat pikeun nambahan pangaweruh masarakat kana naskah drama, hususna dina struktur naskah drama, stuktur carita, jeung ajén agama Islam.